

Nan Florid, gen de kalite pwogram asistans alimantè ke Depatman Timoun ak Fanmi (DCF) administre — Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman (SNAP, ke yo rele tou "koupon manje") ak SUNCAP. Pwogram sa yo fèt pou bay Floridyen ki pa gen gwo revni opòtinite pou achte manje ki bon pou sante.

Si ou se yon Floridyen k ap lite pou bay tèt ou oswa fanmi ou manje, li anba a pou w jwenn plis enfòmasyon sou pwogram sa yo.

Kijan pou kalifye

Si ou vle aplike pou benefis pwogram SNAP la, ou dwe satisfè kondisyon sa yo.

Ou dwe:

- Ap Viv nan eta Florid;
- Bay prèv sitwayènte ou oubyen ou gen yon estati ki kalifye w kòm moun ki pa sitwayen ameriken;
- Bay prèv nimewo Sekirite Sosyal ou oswa prèv ki montre ou te aplike pou yon nimewo Sekirite Sosyal;
- Respekte limit revni ak resous finansye yo;
- Satisfè egzijans travay yo; epi
- Kolabore ak moun ki fè ranfòse règleman pansyon alimantè pou timoun (si sa aplikab).

Sèvi ak [Kalkilatrè SNAP Enstiti Politik Florid la](#) pou verifye si w kalifye pou SNAP, asistans medikal, oswa asistans lajan kach nan kay la.

Kesyon Ki Poze Souvan

Kisa yon kay ye pou benefis Snap?

Yon kay SNAP konpoze de tout moun ki viv ansanm epi ki achte epi prepare manje ansanm. Gen kèk moun ki oblije konsidere kòm manb kay la menm si yo pa achte

epi prepare manje ansanm. Moun sa yo se:

- Mari oswa madanm k ap viv nan menm adrès la,
- Timoun ki poko gen 22 an k ap viv avèk paran yo, epi
- Timoun ki poko gen 18 an ki anba kontwòl paran chèf fanmi an.
- Granmoun aje oswa andikape (ak mari oswa madanm yo ak pitit yo) ki pa kapab achte epi prepare manje poukont yo ka konsidere kòm pwòp kay pa yo si revni lòt moun k ap viv avèk yo mwens pase 165% nan revni [Gid Federal sou Povrete](#).

Moun tankou moun ki lwen nan yon kay, moun ki lwe chanm, ak moun k ap travay lakay/gad pa oblije konte kòm manm kay SNAP sof si yo tonbe nan youn nan kategori obligatwa ki nan lis anwo a. Men, ou ka konte yo kòm manm kay ou si yo achte epi prepare manje ak rès kay la.

Kisa ou ka achte ak Benefis Snap yo?

Moun nan kay la ka itilize benefis asistans manje pou achte:

- Pen ak sereyal;
- Fwi ak legim;
- Vyann, pwason, ak bèt volay;
- Pwodwi letye; ak
- Grenn ak plant pou kiltive epi pwodui manje pou tout moun nan kay la manje.

Moun nan kay la pa ka itilize benefis asistans manje pou achte:

- Byè, diven, likè, sigarèt, oubyen tabak;
- Manje bèt kay, savon, pwodui papyè, oswa founiti pou kay la;
- Vitamin ak lòt medikaman;
- Manje ki pral manje nan magazen; epi
- Manje cho.

Magazen yo pa gen dwa bay moun k ap resevwa benefis asistans manje lajan kach, oubyen an echanj pou retounen boutèy ak bwat vid ki te gen manje yo te achte ak benefis asistans manje.

Kisa pou w fè si yo refize w?

Si yo refize aplikasyon w lan pou SNAP, ou ta dwe resevwa yon avi alekri ki endike rezon refi a. Si ou pa dakò ak desizyon an, ou gen katreven dis (90) jou apati dat avi a pou mande yon Odyans Ekitab. Yon Odyans Ekitab se pwosesis ki pèmèt ou konteste desizyon refi a si ou kwè yo te pran desizyon an yon fason enjis. Enstriksyon sou kijan pou mande yon Odyans Ekitab ta dwe enkli nan avi refi DCF voye ba ou a.

Oubyen, ou ka ranpli yon fòm odyans ekitab pou asistans piblik sou paj entènèt Depatman Timoun ak Fanmi Florid sa a.

Li ka pran plizyè semèn pou yo trete demann Odyans Ekitab ou a. Yon fwa yo fin trete l, w ap resevwa yon lèt k ap fè w konnen dat, lè ak kote Odyans ou a ap fèt.

E si benefis ou yo diminye oswa sispann?

Anvan yo ka diminye oswa mete fen nan benefis SNAP ou yo, ou ta dwe resevwa yon avi alekri nan men DCF, ki endike rezon ki fè sa ap pase. Si ou pa dakò ak desizyon an, ou dwe mande yon Odyans Ekitab nan katreven dis (90) jou apati dat avi a.

Si ou mande yon Odyans Ekitab anvan yo diminye oswa sispann benefis ou yo, ou ka mande pou benefis ou yo kontinye pandan w ap tann apèl ou a. Sa vle di ou ap toujou resevwa tout benefis ou yo jiskaske yo pran yon desizyon final.

Ou dwe fè yon demann pou fè apèl **nan dis (10) jou apre avi a** pou ou ka kontinye resevwa benefis pandan tout pwosesis apèl la.

Si ou pèdi nan Odyans Ekitab la, yo ka mande w pou w remèt montan benefis ou te resevwa pandan pwosesis apèl ou a. Si ou pa mande èd pandan apèl ou a epi ou genyen vikwa nan Odyans ou a, ou pral resevwa benefis pou konpanse w pou montan ou te dwe resevwa a, jiska yon ane.

Si ou pa resevwa yon avi alekri men benefis ou yo sispann oswa diminye, ou gen dwa mande yon Odyans Ekitab. Ou ta dwe fè apèl imedyatman lè ou aprann benefis ou yo te redwi oswa koupe.

Kisa peman anplis SNAP ye?

Gen twa diferan kalite peman anplis SNAP:

- Erè Ajans lan: DCF te fè yon erè epi li te peye w twòp lajan.
- Erè Kay la ki Fèt san Rezon: Kay la te fè yon erè ki te lakòz DCF peye w an plis.
- Vyolasyon Entansyonèl Pwogram nan: DCF kwè ou menm oswa yon manb kay ou te bay manti, te komèt fwod, oswa te twonpe yo entansyonèlman pou yo te ka jwenn benefis SNAP an plis.

Si DCF deklare ke kay ou a te resevwa plis benefis nan kupon manje pase sa ou te resevwa men ou kwè ke yo pa t peye an plis, ou gen dwa pou fè apèl kont desizyon an nan katreven dis (90) jou.

Si yo te peye w twòp benefis, ou toujou oblije remèt DCF montan peman an plis yo te peye w la — menm si se te yon erè DCF ki fè peman an plis la. Yon peman an plis aksidantèl pa benefisye kay ou a, paske yo dwe toujou remèt li. Si ou remake yon peman an plis nan benefis SNAP ou yo ke ou kwè se yon erè DCF, avize yo imedyatman. Li pa ka benefisye w alontèm.

Si ou pa fè apèl oswa si ou dakò ak peman anplis la, DCF ka fè plizyè bagay pou kolekte montan ou dwe a:

Si w ap resevwa benefis SNAP kounye a, DCF ap diminye benefis mansyèl ou yo. Montan y ap pran an depann de kalite peman anplis ou genyen an.

Si w pap resevwa benefis SNAP, DCF ap eseye fè w dakò ak yon plan peman. Si w pa dakò, yo ka pran ranbousman taks federal ou a. Nan kèk sitiyasyon, yo ka pran yon pati nan lòt benefis ou resevwa yo tou, tankou Sekirite Sosyal.

Si DCF fè konnen ou te komèt yon vyolasyon pwogram nan entansyonèlman, ou ta dwe pale ak founisè sèvis legal lokal ou a konsènan konsekans ak solisyon ki ka genyen.

Si ou pa gen mwayen pou remèt peman an plis la, ou ka mande yon "konpwomi". Yon konpwomi se lè DCF dakò pou elimine peman an nèt, epi ou ka mande yon konpwomi nenpòt ki lè. Ou ka jwenn apwobasyon pou yon konpwomi nan sèten

sitiyasyon, tankou lè:

- Revni kay ou a fiks epi li baze sou laj ak/oswa andikap,
- Ou nan pwosedi fayit, oubyen

Ou ka pwouve ke, akòz depans kontinyèl ou yo, ou p ap kapab remèt dèt la nan 36 mwa.

Kijan pou aplike

Ou ka aplike pou asistans sou entènèt sou sit entènèt Access Florida a.

[Aplike sou Entènèt](#)

Lòt bagay pou konsidere:

Kondisyon Travay

Gen kèk moun ki dwe satisfè kondisyon travay yo tou pou yo kalifye pou SNAP. Sa ap aplike sèlman pou ou si ou se yon "Adilt ki an bòn fòm san depandans" (ABAWD). Si ou fè pati gwoup sa a epi ou pa p travay oswa patisipe nan yon pwogram travay, Benefis SNAP yo limite a pa plis pase 3 mwa asistans manje nan yon peryòd 3 zan. Ou se yon ABAWD si ou:

- Se yon adilt ki an sante ki gen ant 18 ak 50 an;
- Pa gen okenn timoun ki depann de ou; epi
- Ou pa ansent kounye a.
- Pou plis enfòmasyon [Revize egzijans travay SNAP yo sou sit entènèt DCF la.](#)

Ranfòsman Pansyon Alimantè pou Timoun

If you are a parent or relative caregiver of a child with absent parents and you are trying to get food assistance benefits for them, you must cooperate with the state's Child Support Enforcement office to establish paternity and obtain child support for the children. If you do not cooperate and do not have a good reason, you will not be

able to receive food assistance for your household.

Cooperating with the Child Support Enforcement office means giving as much help as you can. This may include giving information about the absent parent, helping determine who is the father of a child born outside of wedlock, signing legal papers, and testifying in court.

You may have a good reason, known as “good cause,” for not cooperating with child support enforcement if doing so would be against the best interest of you or the child. If you claim good cause for noncooperation, you will have to provide evidence showing why cooperating would be against the best interest of you or the child.

If you are currently paying child support for a child under 18 years old who doesn’t live with you, you may qualify to receive a deduction when determining your own household income when you apply for SNAP benefits.

Transfè byen

Ou pa kapab bay byen ou yo jis pou kalifye pou asistans manje, ni ou pa kapab vann bagay pou mwens pase sa yo vo pou w eseye kalifye.

Bay byen oswa vann yo pou mwens pase jis valè sou mache a konsidere kòm yon "transfè" byen. Si ou menm oswa nenpòt manb kay la transfere byen nan lesplas 90 jou anvan ou aplike pou asistans manje pou kalifye pou benefis yo, ou p ap kapab resevwa benefis asistans manje pou yon ane.

Transfè sila yo pa afekte kalifikasyon:

- Byen ki pa t ap afekte kalifikasyon otreman (byen ki pa konte pandan pwosesis kalifikasyon pou asistans manje a);
- Byen ki vann oswa ki fè komès nan, oswa toupre, jis valè sou mache a;
- Byen transfere ant manb nan menm kay la;
- Byen transfere pou lòt rezon apa eseye kalifye pou benefis asistans manje.

Etidyan inivèsite

Pifò etidyan — ki gen laj 18 a 49 an, ki enskri nan kolèj oswa lòt enstitisyon edikasyon siperyè omwen a mwaye tan — pa kalifye pou benefis asistans manje,

men gen kèk eksepsyon. Etidyan yo ka kapab jwenn benefis asistans manje si yo:

- Pa anfòm fizikman oswa mantalman;
- Resevwa benefis Asistans Lajan Kach Tanporè (TANF);
- Patisipe nan yon pwogram travay-etid finanse pa leta oswa gouvènman federal la;
- Enskri nan kolèj kòm rezilta patisipasyon nan yon pwogram Opòtinite Travay ak Konpetans Debaz anba Tit IV Lwa Sekirite Sosyal la;
- Travay yon minimòm 80 èdtan pa mwa;
- Patisipe nan yon pwogram fòmasyon sou travay la;
- Pran swen yon manb fanmi ki poko gen sizan epi ki depann de li;
- Ap pran swen yon manb kay ki depann de yo ki gen plis pase senk an men ki poko gen douzan epi ki pa gen ase gadri pou pèmèt yo ale lekòl oswa travay yon minimòm 80 èdtan pa mwa, oswa patisipe nan yon pwogram travay-etid finanse pa leta oswa gouvènman federal la;
- Yon paran selibatè ki enskri a plen tan nan kolèj epi k ap pran swen yon manb kay ki depann sou li ki poko gen 12 an; oubyen
- Patisipe oswa enskri nan pwogram espesifik ki pral ede nan jwenn konpetans ki nesesè pou mache travay aktyèl la.

Additional Resources

- [Department of Children and Families SNAP Fact Sheet](#)